



Benefis manje Summer EBT

Aprann kijan pwogram Summer EBT Nouyòk la ka ede nouri timoun yo ete sa a!

Pwogram Transfè Avantaj Elektwonik Ete a (Summer EBT) pral ede fanmi yo achte manje pou timoun ki gen laj pou ale lekòl yo pandan ete a. Fanmi yo pral resevwa **120 dola** nan avantaj manje pou chak timoun ki elijib.

Timoun ki elijib pral resevwa benefis manje Summer EBT sou yon kat EBT. Fanmi yo ka itilize benefis manje Summer EBT pou achte manje tankou fwi, legim, vyann, grenn an antye, ak pwodui letye nan **magazen alimantè ki vann an detay ki otorize yo, mache fèmye yo**, ak nenpòt lòt kote yo aksepte SNAP.

Pifò timoun yo pral otomatikman elijib pou Summer EBT epi yo pa bezwen fè anyen pou enskri. Sepandan, kèk timoun ka bezwen aplike. Aplike sou entènèt anvan 4 septanm 2025, pou benefis 2025 yo.

Enskri otomatikman:

- Timoun nan gen laj 6-16 zan epi li te resevwa SNAP, Asistans Tanporè oswa Medicaid nenpòt ki lè nan peryòd kalifikasyon an.

OSWA

- Lekòl timoun lan te sètifye li dirèkteman pou manje gratis/nan pri redui atravè Pwogram Repa Eskolè Nasyonal la pandan ane eskolè 2024-25 la.
- **Timoun ki enskri otomatikman PA bezwen aplike.**

Ou dwe aplike:

- Timoun nan pa enskri otomatikman,
EPI
- Kay la satisfè **kondisyon revni** pou manje lekòl gratis/nan pri redui,

EPI

- Timoun nan ale nan yon lekòl ki patisipe nan Pwogram Manje nan Lekòl Nasyonal (National School Lunch Program) la,
- Aplikasyon sou entènèt la disponib nan **SummerEBT.ny.gov**

Benefis Summer EBT ki pa itilize yo ekspire epi yo retire yo nan kat EBT a 122 jou apati dat yo bay yo. Fanmi yo ta dwe itilize benefis yo touswit apre yo fin resevwa yo.

Peryòd kalifikasyon an se 1e jiyè 2024 rive 4 septanm 2025. Pou aprann plis sou Summer EBT, ki gen ladan ki lè ak ki jan yo pral bay benefis manje yo ak kijan pou itilize yo, vizite **otda.ny.gov/SummerEBT**.



Office of Temporary
and Disability Assistance
Summer EBT

Pou plis enfòmasyon, vizite
otda.ny.gov/SummerEBT

